

Ranbousman pou elektrifikasyon ak aparèy elektwomènaje (HEAR) Pwogram mizajou aparèy elektwomènaje

APÈSI

Depatman Enèji Etazini (DOE) te entwodwi pwogram HEAR la grasa finansman ki soti nan Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act, IRA) an. Dapre HEAR, NYSERDA administre Pwogram Amelyorasyon Aparèy Elektwomènaje a, ki bay rabè pou fwaye New York ki gen revni ki pi ba pase 150% AMI (Reveni Medyan Eta a) pou achte yon ponp chalè ki sètifye ENERGY STAR® (ki gen ladan yon sechwa ki konbine ak machin alave yo achte ansanm ak yon sechwa ponp chalè), ak kablaj elektrik ak amelyorasyon pano ki nesesè pou enstale yo.

KALIFIKASYON POU PWOGRAM LAN

Pou resevwa rabè nan Pwogram Amelyorasyon Aparèy Elektwomènaje a, ou dwe soumèt demann sa a pa lapòs oswa nan <https://plan.myenergy.ny.gov/s>, ki konfime ke deklarasyon sa yo vrè e kòrèk:

- Ou se yon pwopriyete bilding, pwopriyete kay oswa lokatè yon bilding rezidansyèl pou yon sèl fanmi kote revni kay la pi ba pase 150% AMI
 - Ochwa: pou detèmine kalifikasyon w selon revni, al sou <https://www.nyserda.ny.gov/All-Programs/Appliance-Upgrade-Program> pou kalkile limit revni yo selon nan ki konte w ye ak gwo sè fwaye w, oswa rele 866-NYSERDA
- Poko yon sechwa ponp chalè ki enstale nan lakay ou

MACHASWIV YO

Tanpri ranpli tout seksyon ak espas obligatwa ki genyen yon etwal * bò kote l

Yon fwa w fin ranpli chak seksyon ki nesesè yo, tanpri mete yon tchèk nan ti kare ki koresponn lan nan **Seksyon K**, epi asire w prepare tout dokiman ki nesesè yo pou soumèt (si sa aplikab).

Si ou se yon kontraktè patisipan oswa reprezantan Sant Enèji Pwòp Rejyonal la, tanpri ranpli **Seksyon E a** epi asire ke rezidan w ap aplike pou li a siyen **Seksyon L la**.

PWOCHEN ETAP YO

Yon fwa yo resevwa demann w lan ak dokiman ki nesesè yo (ki gen ladan **Seksyon I a**), li pral pran anviwon 7 a 10 jou ouvrab pou egzamine demann w lan. Y ap trete demann yo sou baz premye vini, premye sèvi. Si w pa ranpli espas ki nesesè yo epi w pa bay tout dokiman ki nesesè yo, sa ka lakòz yon reta nan pwosesis demann lan.

Si yo apwouve demann w lan, y ap voye yon lèt apwobasyon nan adrès la ak/oswa y ap voye l pa imèl nan adrès imèl yo bay nan **Seksyon A ak/oswa E a**. Lèt apwobasyon sa a pral gen ladan de kòd kupon alfanimerik, ke yo rekonèt kòm Kupon pou Enstale Aparèy Elektwomènaje ak pou Peye Kontraktè k ap Patisipe yo. Chak ap gen dat ekspirasyon pa yo ki endike nan lèt ou a.

Kupon pou Aparèy Elektwomènaje a pral espesifik pou Magazen Patisipan yo chwazi nan **Seksyon J a**, kidonk ou pral ka itilize kòd kupon sa a sèlman nan lokal magazen ou chwazi a (oswa sou entènèt).

Si w bezwen yon Kontraktè patisipan nan pwogram lan (jan yo dekri nan **Seksyon H la**), ebyen, w ap chwazi youn epi prezante Kontraktè patisipan a Kupon Enstalasyon an pou yo itilize nan pòtay MyEnergy a. Yo pral aplike rabè ki apwopriye a pou amelyorasyon kablaj ak/oswa pano elektrik (si sa nesesè) nan fakti y ap ba w la.

Si yo pa apwouve demann w lan, y ap voye yon lèt ki bay enfòmasyon an detay poukisa yo refize w nan adrès la ak/oswa y ap voye l pa imèl nan adrès imèl yo bay nan **Seksyon A ak/oswa E a**.

SIPÒ POU RANPLI DEMANN LAN

Sant Enèji Pwòp Rejyonal yo (ki dekri nan **Seksyon E a**) ak Kontraktè Patisipan yo ka bay sipò epi aplike nan non w. Ou ka rele nan 866-NYSERDA (697-3732) oswa voye imèl bay AUP@nyserda.ny.gov pou w jwenn èd ak sa ki annapre yo: ranpli demann sa a, èd teknik ak sit <https://plan.myenergy.ny.gov/s>, konekte ak yon Kontraktè Patisipan nan zòn ou an, epi konprann lè youn ka nesesè, konekte avèk yon Sant Enèji Pwòp Rejyonal nan zòn ou an, epi chwazi yon Magazen Patisipan ak yon nouvo aparèy elektwomènaje.

DOKIMAN KI ANSANM AK LÈT SA A:

- Pyès jwent A – Fòmilè sètifikasyon pwopriyete bilding (pou lokatè yo sèlman)
- Pyès jwent B – Lis magazen k ap patisipe yo
- Pyès jwent C – Lis pwodwi ki kalifye yo

SEKSYON A: ENFÒMASYON SOU MOUN K AP APLIKE A*

Ranpli espas ki anba yo ak enfòmasyon pou kontakte ou ak adrès kay kote yo pral enstale aparèy elektwonenaje a. Tout espas ki gen yon asterisk yo oblije ranpli.

Non moun k ap aplike a*

Adrès imèl

Nimewo Telefòn*

Dezyèm Nimewo Telefòn (mete kòd zòn lan)

Adrès*

Apatman

Vil*

Eta*

Konte*

Kòd postal*

Adrès postal * (sèlman ranpli espas sa a si li diferan de adrès ki anwo a)

Lèt moun pou kontakte

Kisa moun sa ye pou moun k ap aplike a

Nimewo telefòn * (mete kòd zòn lan)

Imel moun pou kontakte anplis la

SEKSYON B: ENFÒMASYON SOU FWAYE A*

Itilize enfòmasyon sou fwaye ki dekri nan demann sa a pou w ranpli espas ki anba yo.

Pwopriyete kay* (chwazi yon opsyon ki pi byen reprezante fwaye w la):

- ☐ Mwen se mèt kay la ☐ Mwen lwe epi mwen peye bòdwo dlo, gaz, kouran, elatriye...) mwen yo dirèkteman
☐ Mwen lwe, epi bòdwo dlo, gaz, kouran, elatriye yo enkli nan frè lwaye a

Kalite bilding* (chwazi yon opsyon ki pi byen reprezante fwaye w la epi mete konbyen inite (si sa aplikab) ak konbyen chanm ki genyen):

- ☐ Yon sèl fanmi _____ # chanm ☐ Plizyè fanmi _____ # inite _____ # chanm
☐ Kay prefabrike/mobil _____ # chanm ☐ Kay kolektif/refij _____ # chanm

SEKSYON C: ENFÒMASYON SOU PWOPRIYETÈ BILDING LAN (POU LOKATÈ YO SÈLMAN)

Si ou te endike ke ou lwe kay ou a nan Seksyon B a, ebyen, ranpli espas yo ki anba a.

SONJE: Pwopriyete Bilding lan oswa Manadjè Pwopriyete a dwe ranpli epi siyen Sètifikasyon Pwopriyete Bilding lan (Pyès Jwent A) pou otorize yo enstale aparèy elektwonenaje a nan apatman ou an. Tanpri mete kopi ki ranpli ak siyen an ansanm ak demann sa a.

Non pwopriyete bilding lan*

Adrès imèl

Nimewo telefòn (mete kòd zòn lan)

Èske adrès mèt bilding lan se menm ak adrès kay la?* ☐ Wi ☐ Non

Si se "Non", tanpri mete adrès li anba la.

Adrès

SEKSYON D: ENFÒMASYON SOU SÈVIS DLO, GAZ, KOURAN, ELATRIYE*

Ranpli enfòmasyon sou sèvis dlo, gaz, kouran, elatriye ki anba a pou fwaye ki dekri nan demann sa a.

SONJE: Yo dwe bay yon (plizyè) bòdwo dlo, gaz, kouran, elatriye anvanm ak demann w lan ki reflete enfòmasyon ki dekri anba a.

Kalite gaz chofaj prensipal* (chwazi youn pou fwaye w la):

☐ Elektrik ☐ Chabon ☐ Lwil ☐ Kerozèn ☐ Gaz natirèl ☐ Pwopàn ☐ Bwa ☐ Pastiy ☐ Mwen pa konnen

☐ Lòt: _____

Kalite gaz chofaj segondè (si sa aplikab, chwazi youn pou fwaye w la):

☐ Elektrik ☐ Chabon ☐ Lwil ☐ Kerozèn ☐ Gaz natirèl ☐ Pwopàn ☐ Bwa ☐ Pastiy ☐ Mwen pa konnen

☐ Lòt: _____

Sèvis dlo, gaz, kouran elatriye:*

Non konpayi ki bay sèvis dlo, gaz, kouran elatriye

Nimewo kont sèvis kouran

Sèvis shofaj:*

Non konpayi ki bay sèvis dlo, gaz, kouran elatriye

Nimewo kont sèvis kouran

Site anba a nenpòt pwoblèm sante oswa kondisyon espesyal ke kontraktè a bezwen konnen. Idantifye nenpòt enkyetid an rapò ak bilding lan ki imedya, tankou yon do kay k ap koule, frijidè ki pa mache, oswa ekipman chofaj ki defektye. Tanpri ajoute paj anplis si sa nesesè.

SEKSYON E: ENFÒMASYON SOU KOLABORATÈ

NYSERDA ap kore yon rezo konseye pwofesyonèl nan zafè enèji ki gen dwa deja ap ede ou avèk pwogram sa a, lòt pwogram NYSERDA yo, òf pou sèvis dlo, gaz, kouran, elatriye, ak lòt resous lokal yo. Si w ap travay kounye a ak yon Sant Enèji Pwòp NYSERDA, tanpri make kiyès li ye anba la. Pwogram nan ap ba li kèk enfòmasyon limite sou pwojè a pou li ka kontinye ede ou nan chak etap nan pwosesis la. Ou ka jwenn yon lis Sant yo nan nysenda.ny.gov/All-Programs/Regional-Clean-Energy-Hubs.

Si ou se reprezantan yon Sant Enèji Pwòp, yon Kontraktè patisipan k ap aplike nan non yon rezidan, oswa yon rezidan k ap travay kounye a ak yon Sant Enèji Pwòp, tanpri ranpli espas yo ki anba la.

Si w enterese travay ak yon Sant epi w pa ka wè lis sa a, tanpri rele 866-NYSERDA.

Non ak/oswa Òganizasyon Sant Enèji Pwòp la:

Non Reprezantan Sant lan oswa Non Kontraktè patisipan a*

Nimewo telefòn*

Dezyèm telefòn (mete kòd zòn lan)

Adrès imèl*

SEKSYON F: PRÈV REVNI*

Chwazi swa A oswa B anba a baze sou opsyon ki pi byen adapte ak fwaye w la. Tanpri chwazi yon sèl opsyon.

SONJE: Selon si w chwazi A oswa B, ou dwe bay dokiman pou pwouve l'ansanm ak demann ou ranpli a.

A. ☐ **Kategori kalifikasyon:** (chwazi youn nan opsyon sa yo kote ou ka bay yon kopi lèt prim lan ki gen dat nan 12 dènye mwa yo pou pi ta)

☐ **HEAP** (Pwogram Asistans Enèji pou Kay)

☐ **SNAP** (Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman/è/Koupon pou Achte Manje)/SNAP NYC

☐ **SSI** (Revni Sekirite Sipleman/è)

☐ **TANF** (Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen)

☐ **WAP** (Pwogram Asistans pou Pwoteksyon Kont Move Tan)

☐ **PA** (Èd Leta)

B. ☐ **Prè revni:** (si A, jan sa endike anwo a, pa konsène w, ebyen, bay dokiman pou pwouve revni w sou fòm youn nan opsyon yo ki anba la)

☐ **Opsyon 1:** (chwazi youn nan sa yo ki anba a)

☐ **Bilten salè:** tout revni anvan taks ki antre nan kay la pandan 60 jou ki sot pase yo

☐ **Prestasyon Sekirite Sosyal ak/oswa Sekirite Sosyal pou Andikap:** kopi lèt ki apwouve èd la

☐ **Dokimantasyon pou tout fòm revni, ki ka gen ladan:** andikap, dedomajman pou aksidan nan travay, chomaj, pansyon, antretyen, alokasyon, avantaj Veteran, ak tout lòt revni

☐ **Si w ap travay pou tèt ou:** Rapò IRS sou salè chak trimès pou twa dènye mwa yo ki sot pase la

☐ **Opsyon 2:** Deklarasyon taks yo

SONJE: Opsyon sa a disponib sèlman si tout moun ki rete nan kay la ki te sipoze deklare taks yo te fè sa. Si w ap itilize deklarasyon taks kòm prèv revni, ou dwe pwouve tout sous revni yo avèk deklarasyon taks. Deklarasyon yo dwe dènye Deklarasyon Taks sou Revni Federal la (Fòm 1040, 1040A, oswa 1040EZ). Si w ap bay dokiman prèv revni pou lokasyon, biznis oswa fèm – ou dwe soumèt fòm 1040 anèks ki asosye ak yo (fòm 1040 anèks C, E, ak F).

SEKSYON G: ENFÒMASYON AK REVNI FANMI*

Dapre chwa ou fè nan Seksyon F la ak etikèt kolòn ki anba yo, tanpri ranpli tablo a pou chak manm fwaye ou.

(Si pa gen ase espas anba a pou mete tout moun ki nan kay la, tanpri ajoute paj anplis.)

Si ou te chwazi A nan Seksyon F la, tanpri sèlman ranpli espas sa yo: Non konplè, Sèks, Laj, Elèv.

Si ou te chwazi B nan Seksyon F la, tanpri ranpli tout espas yo, men sèlman chwazi youn nan sa yo ki annapre a: Salè chak semèn, Salè chak de semèn, Salè chak mwa oswa Salè anyèl ki baze sou ki dokiman prèv ou chwazi bay anwo a.

Pou opsyon Sèks la, tanpri itilize kle sa a: 1. Moun ki idantifye tèt li kòm gason, 2. Moun ki idantifye tèt li kòm fanm, 3. Lòt

Kantite total moun ki gen lakay ou: _____

Non konplè (A&B)*	Sèks (A&B)*	Laj (A&B)*	Elèv (wi oswa non) (A&B)*	Sous Revni (B)*	Salè chak semèn (B)*	Salè chak de semèn (B)*	Salè chak mwa (B)*	Salè anyèl (B)*
Revni total pou tout kay la.								

SEKSYON H: ENFÒMASYON SOU APARÈY ELEKTWOMENAJE, ELEKTRISITE, KONTRAKTÈ PATISIPAN AN*

Kontraktè Patisipan yo enstale aparèy, amelyorasyon nan kablay elektrik ak pano yo ansanm ak bay rabè pou amelyorasyon nan kablay elektrik ak pano yo grasa Koupon Enstalasyon Kontraktè Patisipan an.

Ranpli espas sa yo ki baze kondisyon elektrik ak sechwa rad ou genyen kounye a. Repons ou bay pou kesyon sa yo pral ede NYSERDA ede w konekte ak yon Kontraktè Patisipan nan zòn ou an, si sa nesesè.

Si w gen yon sechwa pou seche rad kounye a, ki kalite gaz li itilize?*

☐ Elektrik ☐ Gaz ☐ Pwopàn ☐ Mwen pa gen yon sechwa pou seche rad kounye a

SONJE: Si ou te chwazi «Gaz» oswa «Pwopàn», ou ka mande pou yon plonbye dekonekte ak mete bouchon sou tiyo gaz ou a anvan yo enstale nouvo aparèy ou a. Rele 866-NYSERDA oswa voye yon imèl bay AUP@nyserda.ny.gov pou jwenn èd pou detèmine bezwen sa a epi konekte ak yon Kontraktè Patisipan.

Si ou te chwazi «Gaz», «Pwopàn», oswa «Mwen pa gen yon sechwa pou seche rad» pi wo a, reponn kesyon sa yo.

Èske ou gen yon priz 240V nan kote sechwa pou seche rad ou genyen kounye a ploge, oswa kote ou gen entansyon mete li a si ou pa gen youn deja?*

☐ Wi ☐ Non ☐ Pa fin konnen

SONJE: Si ou te chwazi «Non» oswa «Pa fin konnen», ou ka bezwen ajoute kablay elektrik pou yo ka enstale aparèy ou a. Rele 866-NYSERDA oswa voye yon imèl bay AUP@nyserda.ny.gov pou jwenn èd pou detèmine bezwen sa a epi konekte ak yon Kontraktè Patisipan.

Èske ou konnen ki gwosè pano elektrik ou genyen kounye a ye? Si se «Wi», ki gwosè l ak kantite espas vid li genyen pou met dijonktè yo?*

☐ Wi _____ anpè ak _____ # espas vid pou dijonktè ☐ Non ☐ Pa fin konnen

SONJE: Tou depan de gwosè pano ou genyen kounye a, ou ka bezwen fè mizajou nan pano elektrik ou a pou w ka enstale aparèy ou a. Rele 866-NYSERDA oswa voye yon imèl bay AUP@nyserda.ny.gov pou jwenn èd pou detèmine bezwen sa a epi konekte ak yon Kontraktè Patisipan.

W ap jwenn lis Kontraktè Patisipan an la tou <https://www.nyserda.ny.gov/-/media/Project/Nyserda/Files/Programs/Appliance-Upgrade-Program/Appliance-Upgrade-Program-Participating-Contractors.pdf>

SEKSYON I: ENFÒMASYON SOU APARÈY ELEKTWOMENAJE A – FOTO JEWOLOKALIZE*

Li obligatwa pou bay yon foto jewolokalize sechwa pou seche rad ou genyen deja, oswa kote ou gen entansyon enstale sechwa pou seche rad la. Yon foto jewolokalize se yon foto ki gen done konsènan kote yo te pran li an. NYSERDA bezwen foto sa a pou l verifye si sechwa pou seche rad ki nan Seksyon H la se lakay ou li ye. NYSERDA te kreye yon paj wèb kote ou ka telechaje yon foto apati yon esmatfòn, òdinatè, oswa tablèt epi li pral jewolokalize foto sa a pou ou. Kesyon sa yo pral ede NYSERDA detèmine si ou ka pran ak telechaje foto sa a, oswa si anplwaye Pwogram Amelyorasyon Aparèy Elektwomènaje a bezwen fè li pou ou.

Kapasite w pou pran ak telechaje foto sa a p ap afekte kalifikasyon w pou Pwogram Amelyorasyon Aparèy Elektwomènaje a.

Si ou te bay yon adrès imèl nan Seksyon A, èske ou kapab pran yon foto epi telechaje li nan yon paj wèb apati yon lyen yo voye ba w nan imèl ou a?*

☐ Wi ☐ Non ☐ N/A

Si ou pa t bay yon adrès imèl nan Seksyon A, men ou te mete kontak yon Moun Anplis, èske yo ka pran ak telechaje foto sa a nan non ou?*

☐ Wi ☐ Non ☐ N/A

Si ou te chwazi «Wi» nan swa kesyon ki anwo a, ou menm oswa moun anplis ou bay pou yo kontakte a pral resevwa yon imèl ki gen lyen pou telechaje foto ou a ak enstriksyon pou fè sa. Pou w jwenn èd, kontakte AUP@nyserda.ny.gov oswa rele 866-NYSERDA.

Si ou te chwazi „Non” oswa „N/A” pou youn nan kesyon ki anwo a, NYSERDA pral kontakte ou nan nimewo telefòn yo bay nan Seksyon A pou pwograme yon vizit avèk youn nan anplwaye Pwogram Amelyorasyon Aparèy Elektwomènaje a pou pran foto sa a nan non ou.

SEKSYON J: CHWAZI MAGAZEN PATISIPAN AK APARÈY ELEKTWOMENAJE*

Nan pyès jwènt B a, chwazi Magazen Patisipan an kote ou ta renmen achte sechwa ponp a chalè pou seche rad ki sètifye ENERGY STAR® ou a. Lè w rive devan kesye a, ou pral prezante Koupon Aparèy ou a bay Magazen Patisipan sa a pou itilize epi resevwa rabè ou a.

Ki Magazen Patisipan ou ta renmen chwazi?* (chwazi youn epi mete non konpayi magazen an, pa mete lokal kote ou planifye pou w ale a):

SONJE: Se sèlman Magazen Patisipan ki ka itilize Koupon Aparèy yo. Si w bezwen èd, tanpri kontakte 866-NYSERDA oswa voye yon imèl bay AUP@nyserda.ny.gov.

W ap jwenn lis Magazen Patisipan an la tou: <https://www.nyserda.ny.gov/-/media/Project/Nyserda/Files/Programs/Appliance-Upgrade-Program/AUPretailers.pdf> epi yo aktyalize l regilyèman. Rele 866-NYSERDA pou w jwenn enfòmasyon sou nenpòt mizajou.

Pou chwazi sechwa ponp chalè pou seche rad ki sètifye ENERGY STAR® ak modèl ou a, tanpri gade nan Lis Pwodwi ki Kalifye yo (Anèks C a), apresya kontakte Magazen Patisipan ou chwazi a (nan magazen oswa sou entènèt) pou konfime pri ak disponiblite aparèy la. W ap jwenn lis pwodwi ki kalifye yo la tou:

<https://www.nyserda.ny.gov/-/media/Project/Nyserda/Files/Programs/Appliance-Upgrade-Program/AUPqualifiedproducts.pdf>.

SEKSYON K: LIS KONTWÒL

Yon fwa w fin ranpli seksyon ki nesèsè yo, tanpri mete yon tchèk nan ti kare respektif ki anba a epi asire w prepare dokiman ki nesèsè yo, si sa aplikab, pou soumèt ansanm ak demann sa a ranpli. Seksyon ak dokiman ki obligatwa yo endike avèk yon.*

Tanpri mete paj 2 jiska 10 lè w fin ranpli yo lè w ap remèt demann w lan ak nenpòt lòt bagay ou ka bezwen pou Seksyon D a. Ou ka kenbe paj 1, Anèks B ak C a pou dosye w yo.

☐ **SEKSYON A & B: ENFÒMASYON MOUN K AP APLIKE A AK FWAYE LI***

☐ **SEKSYON C: ENFÒMASYON SOU PWOPRIYETÈ BILDING LAN (POU LOKATÈ YO SÈLMAN):**

☐ Mete enfòmasyon pwopriyetè bilding lan pou ranpli Seksyon C a (si sa aplikab)*

☐ Bay Sètifikasyon Pwopriyetè Bilding lan ki ranpli epi ki siyen an (Anèks A)*

☐ **SEKSYON D: ENFÒMASYON SOU SÈVIS DLO, GAZ, KOURAN, ELATRIYE*:**

☐ Bay yon kopi oswa bòdwo detaye elektrik ak gaz ou ak/oswa bòdwo nan men yon founisè gaz si chofaj ou itilize pwopàn, lwil, kewozèn, bwa, oswa chabon*

☐ **SEKSYON E: ENFÒMASYON SOU KOLABORATÈ:**

☐ Ranpli si ou se yon reprezantan Sant Enèji Pwòp Rejyonal la oswa yon kontraktè patisipan k ap aplike nan non yon rezidan

☐ **SEKSYON F: PRÈV REVNI*:**

☐ Bay dokiman Kalifikasyon Kategorik pou chak chwa ou; OSWA

☐ Bay dokiman sou revni ki gen dat nan 12 dènye mwa yo

☐ **SEKSYON G: ENFÒMASYON AK REVNI FANMI***

☐ **SEKSYON H: ENFÒMASYON SOU APARÈY ELEKTWOMENAJE, ELEKTRISITE, KONTRAKTÈ PATISIPAN AN*:**

☐ Fè yon plan pou rele 866-NYSERDA oswa voye yon imèl bay AUP@nyserda.ny.gov si chwa ou yo endike ke ou ka bezwen fè amelyorasyon nan kablay ak/oswa pano elektrik ansanm ak yon Kontraktè Patisipan pou enstale aparèy elektwomenaje ou a.

☐ **SEKSYON I: ENFÒMASYON SOU APARÈY ELEKTWOMENAJE A – FOTO JEWOLOKALIZE*:**

☐ Si sa aplikab, prepare pou pwograme yon randevou nan NYSEDA pou pran yon foto sechwa pou seche rad ou genyen deja (oswa kote ou gen entansyon mete sechwa pou seche rad la si ou pa gen youn)

☐ **SEKSYON J: CHWAZI MAGAZEN PATISIPAN AK APARÈY ELEKTWOMENAJE*:**

☐ Chwazi yon magazen patisipan nan Anèks B a

☐ **SEKSYON K: LIS KONTWÒL**

☐ **SEKSYON L: ATESTASYON AK KOTE KLIYAN AN SIYEN***

☐ **SEKSYON M: DEMOGRAFI KAY LA***

Tanpri voye tout dokiman yo nan adrès sa a: Pwogram Amelyorasyon Aparèy Elektwomenaje a

C/O TRC Companies
3 Corporate Dr. Suite 202
Clifton Park, NY 12065

SEKSYON L: ATESTASYON AK SIYATI KLIYAN AN*

Mwen bay otorizasyon pou yo di antite sa yo ki detèminasyon ki fèt sou kalifikasyon mwen epi pou yo ba yo enfòmasyon mwen mete nan demann sa a, dokiman sipò yo ki gen ladan l dokiman prèv revni, epitou enfòmasyon sou estati pwojè mwen an, ak enfòmasyon sou pwojè a (sa gen ladan l kondisyon ki te genyen deja pou moun ki rete lakay mwen, mezi ki enstale yo, ekonomi enèji, ak lòt done): NYSERDA ak reprezantan li yo; nan mezi pwojè mwen an ap resevwa finansman federal pa mwayen Depatman Enèji an ak reprezantan li yo; Pwogram Asistans pou Pwoteksyon Kont Move Tan (Weatherization Assistance Program, WAP) Eta New York la ak/oswa reprezantan li deziyen yo; tout òganizasyon kominotè k ap travay onon pwogram NYSERDA yo; sèvis kouran elektrik ak gaz natirèl mwen yo; ak moun ak òganizasyon sa yo: _____

moun ke mwen anboche nan objektif pou yo ede mwen ranpli ak depoze demann nan. Kliyan an dakò ak otorize pataje enfòmasyon sou sèvis dlo, gaz, kouran elatriye yo nan kad konleksyon enfòmasyon patisipan-kliyan an ak/oswa enfòmasyon onivo pwojè ak Depatman Sèvis Piblik Eta New York ak NYSERDA, ki gen ladan ajan oswa reprezantan otorize li yo, ki konfòm avèk Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la ak responsablite lalwa otorize, ki gen ladan, men pa sèlman soutni inisyatif devlopman mache yo, ak lòt aktivite pou fè evalyasyon ak pran mezi yo. (Pou nou ka klè, ekspresyon nivo projè a gen ladan l enfòmasyon ki baze sou kad pwojè a, sa gen ladan l, pami lòt bagay, tout bilding lan nèt sou fòm agreje ak anonimize, bilding oswa souzansanm nan kad pwojè a.) Patipisan an dakò ak bay otorizasyon pou yo bay anplwaye Depatman Sèvis Piblik Eta New York la ak sèvis piblik lokal ki apwopriye a, ki gen ladan l ajan oswa reprezantan otorize li yo, enfòmasyon konsomatè patisipan an ak/oswa enfòmasyon konsènan nivo pwojè a, nan kad akonplisman responsablite li yo selon lòd Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la. (Pou nou ka klè, ekspresyon nivo projè a gen ladan l enfòmasyon ki baze sou kad pwojè a, sa gen ladan l, pami lòt bagay, tout bilding lan nèt, bilding oswa souzansanm nan kad pwojè a.) Mwen konprann enfòmasyon mwen bay yo gen dwa sèvi pou kontakte mwen oswa pou ede mwen itilize nenpòt pwogram ki genyen kounye a oswa ki pral genyen pi devan si mwen kalifye pou yo epi nan objektif pou detèmine si mwen kalifye pou pwogram NYSERDA yo ak/oswa pwogram rezidansyèl sèvis piblik yo ak rekonpans finansye yo, pou detèmine si mwen kalifye pou NYS WAP, pou estime ki posibilite ekonomi enèji mwen genyen, ak nan objektif pou fè evalyasyon. Mwen konprann tout enfòmasyon yo ap rete konfidansyèl nan mezi lalwa pèmèt sa. Mwen konprann si yo ban mwen sèvis nan pwogram rezidansyèl NYSEDA yo oswa nan NYS WAP, patipasyon mwen nan pwogram sa yo p ap gen konsekans sou ni prestasyon sekirite sosyal mwen, ni asistans piblik mwen resevwa, ni kèlkeswa lòt revni an. Mwen konprann demann sa a pa garanti y ap ban mwen èd la. Y ap detèmine si pou yo ba w sèvis sa yo ou pa selon kantite demann yo resevwa ak disponibilite lajan ak priyorite pwogram yo tabli. Mwen dakò kite reprezantan NYSEDA yo, reprezantan NYS WAP yo, ak founisè sèvis endepandan k ap patisipe yo, antre nan lojman mwen an, nan lè ki akseptab pou nou toude, pou fè aktivite pwogram nan sa gen ladan enspeksyon enèji, enstalasyon mezi yo, Asirans Kalite, ak aktivite evalyasyon. Mwen konprann founisè sèvis k ap patisipe yo se founisè sèvis endepandan epi yo ofri yon garanti pou yon ane sou mendèv pou travay yo fè a. Mwen konprann tou founisè sèvis ak vandè k ap patisipe yo ap bay garanti ki apwopriye sou tout ekipman yo bay epi ni NYSEDA ni NYS WAP p ap bay okenn garanti anplis. Mwen dakò epi mwen afime, sou pèn sanksyon lalwa prevwa, mwen egzaminen deklarasyon mwen fè yo nan tout pati demann sa a, sa gen ladan deklarasyon ki fèt sou tout dokiman ki akonpaye li yo, epi dapre sa mwen konnen yo se laverite epi yo pa manke anyen.

Mwen konprann siyati mwen sou fòmilè sa a bay NYSEDA, reprezantan NYS WAP yo, ak moun yo deziyen yo otorizasyon pou yo asire mwen kalifye pou pwogram NYSEDA yo ak pou NYS WAP. Mwen dakò pou yo chèche tout ransèyman pou verifiye oswa pou konfime enfòmasyon mwen bay yo. Mwen konprann si mwen bay fo enfòmasyon oswa si gen enfòmasyon mwen pa bay pou mwen ka resevwa avantaj sosyal mwen pa gen dwa a yo, yo gen dwa rele mwen devan lajistis nan tout mezi lalwa pèmèt sa. Mwen deklare tou pa gen moun ki nonmen nan demann sa a ki ka diskalifye pou sèvis pwoteksyon kont move tan dapre Lwa sou Refòm ak Kontwòl Imigrasyon (Immigration Reform and Control Act) 1986 la (Lwa Piblik 99-063).

Siyen la

Dat

Mwen konprann lè mwen fòmilè sa a, mwen bay NYSEDA otorizasyon.

Nou gen dwa bay lòt pwogram rezidansyèl ki andedan NYSEDA kowòdone ou yo.

Pou mande pou yo pa pataje enfòmasyon w, tanpri tcheke ☐

SEKSYON M: DEMOGRAFI KAY LA*

Pou ede NYSERDA konprann enpak pwogram nou yo genyen sou kominote lokal yo, tanpri reponn kesyon demografik yo ki anba la a. Repons ou bay pou kesyon sa yo p ap afekte kalifikasyon w pou Pwogram Amelyorasyon Aparèy Elektwomènaje a.

Make konbyen moun k ap viv lakay ou ki*:

Andikape: _____ Manm sèvis militè nan tan pase/aktyèl: _____

Endike si aplikan an*: (chwazi omwen youn, ak tout sa ki konsène w yo)

- ☐ Pito w pa reponn ☐ Amerendyen/Premye Nasyon/Endijèn Alaska ☐ Azyatik ☐ Nwa oswa Afwo-Ameriken
☐ Endijèn Awayi oswa Zile Pasifik ☐ Blan ☐ Pa konnen ☐ Lòt

Endike si aplikan an*:

- ☐ Orijin Ispanik, Latino, oswa Panyòl ☐ Orijin ki pa Ispanik, Latino, oswa Panyòl ☐ Pa konnen ☐ Pito pa reponn

Endike konbyen moun nan kay la ki*: (mete menm kantite total manm fwaye ki nan Seksyon F la)

Kantite	Ras
_____	Amerendyen oswa Endijèn Alaska
_____	Azyatik
_____	Nwa oswa Afwo-Ameriken
_____	Endijèn Awayi oswa lòt Moun Zile Pasifik
_____	Blan
_____	Lòt
_____	Mwen pito pa reponn

Endike etnisite moun nan kay la, ankontan aplikan an*:

Kantite	Etnisite
_____	Orijin Ispanik, Latino, oswa Panyòl
_____	Orijin ki pa Ispanik, Latino, oswa Panyòl
_____	Pa konnen
_____	Mwen pito pa reponn

